# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क दुसरका अउर तिसरका फेरा बदे प्रदेस में चुनाव परचार जोरिया गइल हौ। सज्जो राजनीतिक दलन क प्रमुख नेता अउर स्टार परचारक अपने–अपने ओम्मेदवार खातिर सम्बन्धित लोकसभा क्षेत्र में रैली, जनसभा अउर रोड–सो के जरिया से ओटरन से ओट देवे क अपीलि कइ रहल हवें।

सीनियर भाजपा नेता अउर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आजु गौतमबुद्धनगर जिला में पारटी ओम्मेदवार महेश शर्मा खातिर परचार कइलें। एगो बड़हन सभा के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि नोएडा जवन पहिले उत्तर प्रदेस क भ्रस्टाचार केन्द्र के तौर पर मसहूर रहल, ऊ अब राज्य क ब्यौपार केन्द्र बनि गइल हौ।

भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अमरोहा के रहरा में भाजपा ओम्मेदवार कंवर सिंह तंवर के समरथन में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार बिना भेदभाव क हर वर्ग के लोगिन खातिर भोजन, पानी, घर, इलाज अउर रोजिगार दिहले क कार कइले हवे। सरकार जनते नाहीं देस के आत्मसम्मान के लवटावे क कारो कइले हौ।

भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष भूपेन्द्र चौधरी आजु शाहजहांपुर में पारटी ओम्मेदवार अरविंद सिंह के चुनाव कार्यालय क उद्घाटन करत कार्यकरता लोगिन से ओटे क फीसदी बढ़ावे क अपीलि कइलें। फर्रूखाबाद में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य भाजपा ओम्मेदवार मुकेश राजपूत के पक्ष में जनसभा के सम्बोधित कइलें।

मेरठ में बसपा प्रमुख मायावती मेरठ–हापुड़ लोकसभा सीटि पारटी ओम्मेदवार देवव्रत त्यागी के पक्ष में एगो जनसभा कइलिनि। येह मौका पर मायावती कहलिनि कि जो त बसपा क सरकार बनी त ऊ पश्चिमी उत्तर प्रदेस के अलगि राज्य बनवले के दिसा में कार करबि। सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव अलीगढ़ में नुमाइश मैदान में अपने ओम्मेदवार के पक्ष में जनसभा करत भाजपा सरकार के कार्यसैली पर सवाल उठवलें।

**********

लोकसभा चुनाव फेरा क तेरह लोकसभा सीटिनि बदे परचा भरले क प्रक्रिया चलि रहल हौ। शाहजहांपुर में भाजपा क ओम्मेदवार अरूण सागर आजु आपन परचा दाखिल कइलें। फर्रूखाबाद लोकसभा सीटि खातिर भाजपा ओम्मेदवार मुकेश राजपूत परचा भरलें। कन्नौज में भाजपा ओम्मेदवार अउर सांसद सुब्रत पाठक, राष्ट्रीय क्रांति पारटी क ओम्मेदवार ललित कुमारी अउर निर्दलीय ओम्मेदवार यादवेन्द्र किशोर परचा भरलें। चउथा फेरा खातिर परचा भरल क आखिरी तारीख पचीस अपरैल हौ।

परचन क जांचि छब्बीस अपरैल के होई। ओन्तीस अपरैल नांव वापसी क आखिरी तारीख हौ। येह फेरा में शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच में तेरह मई के ओट परी। ओहर, तिसरका फेरा बदे नांव वापसी क प्रक्रिया काल्हि पूरा हो गइल। येह फेरा के दस सीटि खातिर एक सौ चारि ओम्मेदवारन क परचा सही पावल गइल हौ।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में श्रीहनुमान जयंती सरधा–भक्ति अउर हर्सोलास के माहौल में मनावल जा रहल हौ। येह मोका पर हनुमान चालीसा, सुन्दरकाण्ड अउर श्रीरामचरित मानस क पाठ आयोजित कइल गइल हो। आजु भिन्नहियें से श्रीहनुमान जी क दरसन–पूजन खातिर मंदिरन में सरधालुअन क भीड़ि उमड़ि रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में श्रीहनुमत महाप्रभु क विधि–विधान से पूजा–पाठ कइलें अउर उनकर आरती उतरलें। अजोध्या में श्रीहनुमान जयंती के मौका पर सिद्धपीठ हनुमानगढ़ी में दरसन–पूजन खातिर सरधालुअन क तांता लागल रहल। सरजू तट स्थित दक्षिण परम्परा क कालेराम मंदिर स्थित दक्षिणमुखी हनुमान मंदिरो में पूजा–पाठ बदे सरधालु पहुंचि रहल हवें। बनारस में काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास की ओरि से हनुमान जयंती के मौका पर श्रीहनुमान विग्रह क खास सज्जो अउर आराधना क आयोजन कइल गइल। पीलीभीत में येह मौका पर कई जगहिनि पर भव्य सोभा जतरा निकारल गइल अउर भण्डारा क आयोजन कइल गइल।

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में येह समय भीसण गरमी पड़ि रहल हौ। पछिला कई दिन से पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं कई जिलन क अधिकतम तापमान चालीस डिगिरी सेल्सियस से बेसी रेकार्ड कइल गइल हौ। गरमी के नाते लोगिन क जिनगी परभावित होखे लागल हौ। मौसम विभाग बांदा, चित्रकूट, इलाहाबाद, आजमगढ़, मऊ अउर गोरखपुर के सथहीं पचीस जिलन खातिर उष्ण लहर क अलर्ट जारी कइले हौ। अगिला पांच दिन में अधिकतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी क बढ़ोत्तरी दरज कइल गइले क अनेसा जतवले हौ।

**********

कन्नौज जिला में आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर आजु तड़के भइल एगो सड़कि दुरघटना में चारि जने क मउति भइले अउर करीब तीनि दरजन लोगिन के घाही भइले क खबरि हौ। पुलिस सूत्र बतवलें कि दुरघटना तब भइल जब गोरखपुर से दिल्ली के ओरि जा रहल एगो बस बेकाबू हो के एगो ट्रक से लड़ि गइल। दुरघटना में मरे वालन में बस क डराइबर अउर एगो मेहरारू सामिल हौ।

**********